deesul julli fekk ñam wi daa teew, walla muy xëcconte ak ñaari sobe yi

Jële na ñu ci Aysa -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: dégg naa Yónente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: «deesul julli fekk ñam wi daa teew, walla muy xëcconte ak ñaari sobe yi».

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Yónente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- tere na julli ci teewaayu ñam wi nga xam ne bakkanu kiy julli da koo xemmeem, xolam di ca nekk. Niki noonu tere na di julli di jañante ak ñaari sobe yi -te mooy saw ak dem duus- ndax kon day soxlawoo di jañ sobe sa .

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/3088